**Seitmuratova Tursınay Jaksımuratovna**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı magistrantı

# ÓZBEKSTAN AYMAĠINDAĠI EKOLOGIYALIQ MASHQALALAR HÁM OLARDI SAPLASTÍRÍW

https://zenodo.org/records/18844061

**Annotaciya:** Bul maqalada Respublikamızda búgingi kúndegi ekologiyalıq mashqalalar hám olardı saplastırıw us hın keń kólemde alıp barılıp atırǵan jumıslar sáwlelendirilgen.
**Tayanish sózler:** Qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, ekologiya, social-ekosistema, Aral teńizi, geologiya, qorıqxanalar, milliy baǵlar.

# ENVIRONMENTAL PROBLEMS IN THE TERRITORY OF UZBEKISTAN AND WAYS TO ADDRESS THEM

**Abstract:** In this article, the current ecological problems in our Republic and the extensive work being done to address them.
**Key words:** ecology, socio-ecology, Aral Sea, geology, nature reserves, national parks, environmental protection.

# ЭКОЛОГИЧЕСКИЕ ПРОБЛЕМЫ НА ТЕРРИТОРИИ УЗБЕКИСТАНА И ПУТИ ИХ РЕШЕНИЯ

**Аннотация:** В данной статье рассматриваются текущие экологические проблемы нашей Республики и масштабная работа, проводимая для их решения.
**Ключевые слова:** экология, социально-экология, Аральское море, геология, природные заповедники, национальные парки, охрана окружающей среды.

## Kirisiw

Búgingi kúnde ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám onı jaqsılaw eń áhmiyetli mashqalalardan biri bolıp qalmaqta. Ótken ásirdiń aqırına kelip insan tábiyat penen qatnasıqlardıń teń salmaqlılıǵınıń buzılıwı nátiyjesinde qorshaǵan ortalıq, ekologiyalıq jaǵday keskin ózgerislerge ushıradı.

Respublikamız ekologiyasın qorǵaw hám onı jaqsılaw ushın, ekologiyalıq krizistiń aldın alıw, elimizdiń áyyemnen belgili bolǵan ekologiyalıq jaǵdayın qayta tiklewimiz, tariyxtı jaqsılap úyreniwimiz hám onnan házirgi sharayatta paydalanıw múmkinshiliklerin izlep tabıwımız kerek.

Házirgi waqitta insan iskerligi tásirinde biosferanıń ózgeriwi júdá tezlik penen baratır. Insaniyattıń tábiyiy proceslerge tásiri yamasa jaman múnásibeti nátiyjesinde XX

ásir ortalarında ekologiyalıq mashqalalardıń kóbeyiwine alıp keldi hám bul mashqalalar háwij alıp ketti.

Búgingi kúnde áyyemgi taza tábiyat haqqında sóz etpese de boladı. Sebebi jer betindegi toǵaylardıń qısqarıwı, sonıń menen birge terek hám putalardıń kesiliwi, jerler diyqanshılıq etiw maqsetinde ózlestirildi, dári-dármaqlar menen tóginlerdi, hár qıylı shıǵındı hám gazler menen taza hawa hám tábiyatqa zıyan jetkerildi. Bunnan tısqarı tábiyattaǵı tasqınlar, toǵay jawınları, shań boranları hám basqa tábiyiy procesler orın aladı. Bulardıń barlıǵı tábiyattıń tábiyiy ózgerip barıwına hám teń salmaqlıǵınıń buzılıwına alıp keldi.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiyası**

Tábiyat turmısımızdıń tiykarı esaplanadı. Insan hesh qashan tábiyatsız jasay almaydı, sebebi ol tábiyattıń ajıralmas bólegi esaplanadı. Biz jasap atırǵan hám bizdi qorshap turǵan álem tap anamız sıyaqlı mehriban hám jankúyer. Quyashtıń hár bir bólekshesinde, topıraqtıń hár bir denesinde tábiyattıń bizge bolǵan anaday mehriban jıllılıǵın sezemiz. Óziniń hár bir tarawında insan ushın zárúr bolǵan mıńlaǵan elementlerdi jámlegen. Mine usınday gózzal tábiyatımız búgingi kúnge kelip qanday awhalǵa túspekte? [2]. Degen sorawlar búgingi kúnniń temasına aylanbaqta. Tilekke qarsı insan tábiyatqa misli kórilmegen muǵdarda tásir kórsetedi.

Tiri janzatlardı qorshap turǵan ekologiyalıq ortalıq, tiykarınan, insaniyat tárepinen unamsız tárepke ózgertip jiberildi, buniń tiykarǵı sebebi zavod-fabrikalar, transportlar hám olardan shıǵıp atırǵan shıǵındılar [3]. Bul ózgerisler qorshaǵan ortalıqtı sonday dárejede ózgertti, barlıq tiri janzatlar qatarında insan salamatlıǵına da óz tásirin ótkeredi.

**Dodalaw hám nátiyjeler**

Házirgi waqıtta Respublikamız iri sanaat hám agrar region bolıp, keleshekte dúnyaǵa júzege kelgen mashina qurılısı, energetika, ximiya, azıq-awqat sanaatı, transport kompleksin jáne de rawajlandırıw názerde tutılǵan. Bunday islep shıǵarıwshı kúshlerdiń rawajlanıwı Respublikada sociallıq - ekosistemalardıń jaǵdayına belgili dárejede unamsız tásir kórsetedi.

Ózbekstan Respublikası tábiyattı qorǵaw hám onnan aqılǵa muwapıq paydalanıw boyınsha tiykarǵı strategiyalıq maqsetler tómendegiler bolıp tabıladı:

Xalıqtıń salamatlıǵı ushın qolaylı sharayat jaratıw, biosfera teńsalmaqlılıqtı saqlaw; Ózbekstannıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı nátiyjeliligi hám tábiyǵıy resurslardan turaqlılıqtı gózlegen halda paydalanıw qayta tiklenetuǵın tábiyiy resurslardı islep shıǵarıw hám paydalanıw processleriniń teń salmaqlılıǵın saqlaw tiklenbeytuǵın resurslardı islep shıǵarıw, shıǵındılardan aqılǵa uǵras paydalanıw; regionallıq hám lokal dárejelerde tábiyattı qayta tiklew ózgesheligin tiklew; tábiyattıń dáslepki túrleri hám olardıń genofondın landshaftlardıń hár túrliligin saqlaw.

Payda bolǵan Aral teńizi mashqalası menen baylanıslı ayanıshlı ekologiyalıq - ekonomikalıq hám sociallıq jaǵdaydı jaqsılaw, Aral teńizin saqlap qalıw maqsetinde xalıqtı sapalı ishimlik suwı menen támiyinlew. Aral boyı xalqın normal sanitar sharayatlar hám ot-jem menen támiyinlew ushın Oraylıq Aziya mámleketleri menen birgelikte qısqa waqıt ishinde birden-bir suw xojalıǵı siyasatın islep shıǵıw hám hár bir Respublikanıń Aral teńizine quya alatuǵın suwı, yaǵnıy Aral boyındaǵı barlıq tábiyǵıy kóllerdi saqlap qalıw sıyaqlı jumıslar rejelestirilgen.

Atmosfera hawasın qorǵawdıń tiykarǵı baǵdarı qala hám xalıq jasaw punktlerinde atmosfera hawasınıń sapasın jaqsılaw, keyin ala sanitar-gigienalıq qaǵıydalarǵa boysınıw bunıń ushın Respublikamızdıń barlıq aymaqlarında shıǵındılardı azaytıw, az shıǵındılı texnologiyalardı jaratıw, shań jıynawshı hám tazalawshı jańa qurılmalardı jaratıw hám

olardı islep shıǵarıw nátiyjeliligin arttırıw, gónergen qurılmalardı jaqsılaw menen almastırıw hám basqalar. Aral teńiziniń qurıwı klimattıń ózgeriwine de sebep boldı. Qurǵaqshılıq sebepli klimattıń keskin kontenentallıǵı artıp ketti. Teńiz hám qurǵaqlıq aralıǵındaǵı temperaturanıń ózgeriwi, samal tezliginiń artıwı, suwdıń tolqınlanıw qubılısın kúsheytiwine alıp keldi.

Sút emiziwshi haywanlar hám quslar azayıp ketti. Qurıǵan maydanlar qáwipli keselliklerdi tarqatıwshı kemiriwshiler menen tolıp baratır. Aral boyınıń sanitariya-epidemiologiyalıq awhalı oǵada awırlaspaqta. Eger tezlik penen tábiyatta payda bolıw kelip atırǵan mashqalalar sheshilmese, adamzattıń hám pútkil dúnyanıń ómiri qáwip astında qaladı. Biz tábiyatqa baylanıslımız, biz tábiyatsız jasay almaymız, solay eken biz hámmemiz tábiyattı qásterlep saqlawımız, onıń hár bir qarıs jerin kóz qarashıǵınday saqlawımız, tábiyat baylıqlarınan aqılǵa uǵras paydalanıwımız, hár bir tamshı suwdı únemlep paydalanıwımız, tábiyatqa bárqulla ǵamxorlıq etiwimiz lazım.

**Juwmaqlaw**

Aldın ala, tarawǵa baylanıslı jańa nızam joybarların jaratıw, barların jetilistiriw, qadaǵalaw-analizlew jumısın búgingi talap dárejesinde kúsheytiw, úzliksiz ekologiyalıq bilimlendiriw koncepciyasın islep shıǵıw, ekologiyalıq qadaǵalawdıń jámiyetlik inspektorlar sistemasın rawajlandırıw, xalıqtıń ekologiyalıq mádeniyatın arttırıw rawajlandırıwǵa qaratılǵan sistemalı jumıslardı ámelge asırıw, qorshaǵan ortalıqqa zıyanlı tásir kórsetiwshi obyektlerdi hám suw tazalaw qurılmaların inventarizaciyadan ótkeriw boyınsha ilajlar baǵdarlaması qabıl etilip, turmısqa izbe-iz engizilmekte.

## ÁDEBIYATLAR DIZIMI

1. Mirziyoyev Sh. M. 2017—2021-yillarda O‘zbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yo‘nalishi bo‘yicha harakatlar strategiyasi.

2. Biology (textbook for academic lyceums and professional colleges)

3. Zhumaeva, Sh., B. (2022). Эколого-флористический анализ альгофлоры водных объектов бухарской области. Международный междисциплинарный исследовательский журнал Galaxy (431-435ст).

4. Qayumov A.A., Raxmonov R.N., Egamberdieva L.SH., Xamroqulov J.H. Tabiatdan foydalanish va uni muhofaza qilish. – T.: “Iqtisodiyot”, 2014.

5. Nigmatov A.N. ekologiyaning nazariy asoslari. ekologiya va atrof muhit Muhofazasi ta’lim yo‘nalishi va mutaxassisligi uchun o‘quv qo‘llanma. — mas’ul muharrir b.f.d. A.S.Yuldashev — T., 2013.

6. Ergasheva, Y. A., Vasieva, D. I., & Murtazova, S. B. (2019). Political persecutions and ideological pressure on the creative intellectuals of Uzbekistan in post-war decades. International Journal of Recent Technology and Engineering, 8(2 S10), 374-377.

7. Xoldarov X. M. O‘zbekiston hududidagi ekologik muammolar va ularni bartaraf etish masalalari. Oriental Renaissance: Innovative, educational, natural and social sciences, SJIF 2023, 603-606.